# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–30 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस विधानमण्डल क मानसून सत्र क दूसरा दिन्ने वित्त मंत्री सुरेश खन्ना विधानसभा में बारह हजार नौ सौ नौ करोड़ तिरानबे लाख रूपिया क अनुपूरक बजट पेस कइलें। ई बजट मूल बजट क एक दसमलव छौ छौ फीसदी हौ। अनुपूरक बजट में तीनि सौ ओन्नईस दसमलव नौ पांच करोड़ रूपिया नई योजनन पर खरच करे क प्रस्ताव कइल गइल हौ। बाकी धनरासि पुरान योजनन पर खरच कइल जाई। विधानमण्डल क मानसून सत्र के दुसरा दिन्ने प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ विधानसभा में कहलें कि उनकर सरकार महिला सुरक्षा बदे पुरहर गम्भीर हौ। उहां के बतवलीं कि सरकार आंगनबाड़ी कार्यकत्रियन, सहायिका अउर पंचायत सहायक बदे नियत मानदेय के सथहीं नियत पैकेजो क इंतिजाम कइले हौ। सत्र में समाजवादी पारटी क विधायक कानून व्यवस्था अउर पेपर लीक जइसन मामिलन के उठवलें। नेता प्रतिपक्ष माता प्रसाद पाण्डेय गैंगेस्टर एक्ट क दुरूपयोग के रोके बदे जरूरी संसोधन करे क सुझाव दिहलें अउर कहलें कि फरजी चालानो करे वालन पर सजा क प्रावधान कइल जाये के चाही।

**********

भारतीय निसानेबाज मनु भाकर अउर सरबजोत सिंह आजु पेरिस ओलम्पिक में दस मीटर एयर पिस्टल मिक्स्ड टीम इवेंट में भारत बदे दुसरा कांस्य पदक जीति लिहले हवें। सोरह दस के अन्तर से जीति के मनु अउर सरबजोत क जोड़ी कांस्य पदक हासिल कइलस। एहसे पहिलहूं मनु भाकर एकल मोकाबिला में जीति दरज करत भारत बदे येह ओलम्पिक स्पर्धा से पहिला पदक पवले रहलिनि। राष्ट्रपति द्रोपदी मुर्मु, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दुन्नो खेलाड़ियन के जीति क सुभकामना दिहले हवें।

**********

वाराणसी जिला में गंगा नदी क जलस्तर में तेजी से हो रहल बढ़ोत्तरी के देखि के जिला प्रसासन सतर्क हो गइल हौ। पुलिस अउर प्रसासन की ओरि से लोगिन के बेरि–बेरि गहिर पानी में गइले से रोकल जा रहल हौ। जल स्तर में बढ़ोत्तरी भइले से चौरासी घाटन क आपसी सम्पर्क टूटि गइल हौ। येही से मणिकर्णिका अउर हरिश्चन्द्र घट पर सवदाह क जगहियो बदलि गइल हौ। घाट के किनारे क कुछु मंदिरन में गंगा क पानी गइले से ओइजा क पुजारी लोगि अउर नदी किनारे रहवइया लोगिन के बिच्चे चिन्ता बढ़ि गइल हौ। गंगा नदी क बढ़ल जलस्तर के देखि के ओइजा क विस्व प्रसिद्ध गंगा आरती क जगहियो बदलि दीहल गइल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि लखनऊ में भाजपा पिछड़ा वर्ग मोर्चा क प्रदेस कार्यसमिति क बइठकी के सम्बोधित कइलें। बइठकी में मुख्यमंत्री कहलें कि पछिला सात बरिस में साढ़े छौ लाख सरकारी भरती भइल हौ, जवना में साठि फीसदी ओबीसी समाज क भरती भइल हौ। ओनहत्तर हजार सिक्षकन क भरती में हम एके लागू कइलीं। बिपक्षी गठबंधन के पिछड़ा समरथक भइले क दावा पर मुख्यमंत्री कहलें कि सपा सरकार में छियासी एसडीएम क नियुक्ति भइल। छियासी में से छप्पन खाली एक्के जाति से रहलें।

**********

पछिला चउबीस घंटा के भित्तर भइल अलगि–अलगि सड़कि दुरघटना में चारि जने क मउति हो गइल जबकि इग्यारह लोगि घाही हो गइलें। मिर्जापुर जा रहलि एगो पिकप गाड़ी अजोध्या क कोतवाली रूदौली क्षेत्र में लखनऊ–गोरखपुर हाइवे पर रौजा गांव के लग्गे आजु भोरे डिवाइडर से टकरा के पलटि गइल। एहमन सवार दुइ मजूरन क मउति हो गइल जबकि दस से बेसी मजदूर घाही हो गइलें। ओहीं, पीलीभीत जिला से हरिद्वार में कांवड़ ले के जा रहल दुइ मोटरसाइकिलि सवार कांवड़ियन क बिजनौर जिला में भइल सड़कि दुरघटना में काल्हि संझा मउति हो गइल। घाही भइल एगो अउरियो कांवड़िया के इलाज बदे भरती करावल गइल हौ। ई दुरघटना ओह समय भइल जब बिजनौर जिला क रेहड़ थान्हा क्षेत्र में आवारा पसु से कांवड़ियन क मोटरसाइकिलि टकरा गइल।

**********

भारत संचार निगम लिमिटेड–बीएसएनएल क पूरबी परिमण्डल क मुख्य महाप्रबंधक महेश चन्द्र सिंह काल्हि बनारस में प्रेसवार्ता कइलें। येह बिच्चे उहां के संवाददाता लोगिन के बीएसएनएल क नया उपलब्धियन क जनकारी दिहलीं। उहां के कहलीं कि बीएसएनएल सेवा क आम जनता के बिच्चे अजुओ खुबै मांगि हौ। उहां के बतवलीं कि जुलाई में पचपन हजार बीएसएनएल सिम उपभोक्ता ले चुकल हवें। उहां के बतवलीं कि जल्दिये बनारस सहर में दुइ सौ बीटीएस लगा के फोर–जी सेवा उपलब्ध करा दिहल जाई। भदोही, चन्दौली, मिर्जापुर, सोनभद्र अउर गाजियेपुर में फोर–जी सेवा क सुरूआति कइल गइल हौ।

**********

केंद्रीय पर्यावरण, वन अउर जलवायु परिवर्तन मंत्री भूपेन्द्र यादव उत्पाद अउर सेवा से जुड़ल बिचारन अउर नवाचारन के आमंत्रित करे बदे आईआईटी, दिल्ली में आइडियाज फॉर लाइफ क सुरूआति कइले हवें। येह सम्बन्ध में उहां के देस भर क छात्रन, सोधार्थियन, सिक्षकन अउर अन्वेसकन से अइसन नया अउर लीक से हटि के बिचारन के सामने लावे क आवाहन कइले हवें, जे संसाधनन के बिचारसील उपयोग बदे प्रधानमंत्री क दृस्टिकोंण के पूरा करे क दिसा में काम करिहें। उहां के बतवलीं कि लोगि आइडियाज फॉर लाइफ डॉट एनआईसी डॉट इन पर आपन बिचार भेजि सके लें।

**********